

Pou Piblikasyon Imedya: 29/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO KONPLETE 160 MILYON DOLA POU  
REFINANSE AK REYABILITE APATMAN MICHELANGELO**

***Devlopman Mitchell-Lama nan Bronx ki gen 494 inite ap rete abòdab pou 40 lane  
adisyonèl***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse yo fini reyabiliteyasyon Apatman Michelangelo, yon konstriksyon lojman abòdab ki nan Mitchell-Lama ki gen 494 inite nan seksyon Melrose nan Bronx ki te konstwi an 1975. Konstriksyon an ki gen 44 lane te resevwa 160 milyon dola pou refinanse ak reyabilite l, pou prezève aksesibilite pou apatman yo pou 40 lane adisyonèl.

"Lojman abòdab se plis pase gen yon tèt kay sou tèt ou, li se kle pou konstwi kominote ak katye ki solid ak pwospè", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Prezèvasyon Apatman Michelangelo pral asire lojman bon kalite abòdab pou Nouyòkè k ap travay di epi li pral kreye plis opòtinite ak kwasans nan kominote Bronx lan pou jenerasyon k ap vini yo."

"Apatman Michelangelo ki renove yo fè pati efò kontini nou pou investi nan lojman abòdab epi asire tout Nouyòkè gen yon bèl espas pou rele kay yo", **se sa Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare, ki te patisipe nan seremoni jodi a**. "Pwojè konsiderab sa a pral amelyore kalite lavi epi asire rezidan Bronx gen aksè a inite abòdab pou deseni k ap vini yo. Sa rete vitalman enpòtan pou fanmi k ap travay chak jou pou siviv. Atravè eta a, n ap travay san pran souf pou ranfòse kominote yo lè nou investi nan fiti katye nou yo."

Investisman an fè pati inisyativ Chanm NY Gouvènè Andrew M. Cuomo an pou prezève estòk Eta a lojman Mitchell-Lama k ap vyeyi atravè angajman pou aksesibilite a lontèm epi konstwi amelyorasyon. Inisyativ lan konplete angajman fondamantal Eta pou l bay tout Nouyòkè yo aksè a lojman sekirite nan yon pri abòdab atravè Plan Lojman li an ki san presedan pou 20 milya dola sou senk ane. Plan an se apwòch global pou abòde pwoblèm lojman toupatou atravè eta a epi li gen ladan inisyativ devlopman lojman miltifamilyal ak inifamilyal, ak devlopman kominotè pou rann lojman aksesib epi konbat fenonmen sanzabri lè li konstwi oubyen prezève plis pase 100,000 kay abòdab ak 6,000 kay ki gen sèvis sipèvizyon.

Apatman Michelangelo te konstwi orijinèlman an 1975 epi yo genyen kat tou ak 80 apatman estidyo, 126 apatman yon chanm akouche, 191 apatman de chanm akouche, 77 apatman twa chanm akouche ak 20 apatman kat chanm akouche ansanm ak 50,000 pye kare espas komèsyal ak estasyonman nan sousòl. Reyabiliteyasyon an enkli renovasyon konplè pou kizin ak twalèt, konvèsyon pou yon sistèm chofaj dlo ki pa konsome anpil enèji, amelyorasyon nan asansè, reparasyon nan fasad, amelyorasyon

nan sal datant ak sal piblik yo, konvèsyon pou ekleraj LED ki pa konsome anpil enèji ak amelyorasyon nan peyizaj lan.

Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York te ofri prèske 83 milyon dola nan nouvo finansman obligasyon ki pa gen enpo epi te refinance ak sibòdone apeprè 34 milyon dola nan dèt ki deja ekziste. Atribisyon Kredi Taks Federal sou Lojman Pou Revni ki Ba HCR lan (HCR's Federal Low-Income Housing Tax Credit) pral jenere 44 milyon dola nan kapital adisyonèl pou pwojè a. Investisman eta a pral prezève aksesibilite pwojè a, ak apeprè 397 apatman ki rezève pou fwaye ki resevwa 60 pousan oubyen mwens nan Revni Mwayen Zòn lan, ak apeprè 85 apatman ki rezève pou fwaye ki resevwa 80 pousan oubyen mwens pase nan Revni Mwayen Zòn lan. Ekip konstriksyon te enkli MDG Design + Construction, BSR Management, Cary Fields, Raymond James, ak Citi Community Capital.

Atravè pwogram Demonstrasyon Asistans Lwaye (Rental Assistance Demonstration) nan men Depatman Lojman ak Devlopman Iben an (Department of Housing and Urban Development), Apatman Michelangelo pral resevwa Asistans Lwaye Seksyon 8 ki Baze sou Pwojè (Project-Based Section 8 Assistance Rental, PBRA) pou 406 inite, ki garanti aksesibilite pou rezidan, paske fwaye ki kalifye yo pa pral peye plis pase 30 pousan nan revni yo kòm lwaye.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR, te deklare,** "Gouvènè Cuomo rekonèt enpòtans prezèvasyon investisman istorik New York nan lojman Mitchell-Lama. Reyabilitasyon Apatman Michelangelo amelyore kalite lavi pou apeprè 975 rezidan aktyèl epi asire devlopman an pral rete abòdab pou yon lòt kat deseni. Mwen remèsye tout patnè nou yo pou travay ak angajman yo pou kenbe resous lojman New York vivav, sekirize ak abòdab pou deseni k ap vini yo".

**Senatè José Serrano te deklare,** "Prezèvasyon lojman abòdab ki ekziste deja se yon fason entelijan, ekonomik pou adrese kriz aksesibilite epi pwoteje Nouyòkè ki gen revni ba ak mwayen pou yo pa deplase. Renovasyon konplèks ki gen 494 inite sa a asire rezidan yo nan Michelangelo ka viv nan lojman ki sekirize ak abòdab pou deseni k ap vini yo, pandan li asire revitalizasyon kontini nan Sid Bronx. Mwen felisite Gouvènè Cuomo ak Gouvènè Adjwen Hochul pou angajman solid yo sou kesyon aksesibilite lojman nan New York".

**Manm Asanble Carmen E. Arroyo te deklare,** "Eta New York ap fè fas a yon kriz lojman san presedan. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou gwo angajman li pou bati ak konsève dè milye de inite lojman atravè eta nou an, enkli nan Bronx ak espesyalman nan distri Bronx Sid mwen an kote bezwen an espesyalman anpil. Mwen kontan paske Apatman Michelangelo ki apèn renove pral kontinye ofri lojman abòdab pou yon lòt 40 lane. Mwen pa ka tann pou m travay avèk Gouvènè a pou asire nou itilize tout resous ki disponib pou nou ka bay lojman san danje epi abòdab ki nesèsè anpil nan kominote nou yo".

**Prezidan Minisipalite Bronx la Ruben Diaz Jr. te deklare,** "Prezèvasyon aksesibilite nan estòk lojman se kle pou asire rezidan yo ki nan tranch revni ki pi ba nou yo ka kontinye pwospere nan kominote kote yo te chwazi elve fanmi yo. Mèsi Gouvènè Cuomo ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York pou efò yo pou renove

ak rekonstwi Apatman Michelangelo ak angajman w pou kenbe estòk lojman abòdab nou an".

**Manm Konsèy Rafael Salamanca te di,** "Ak asistans nan men patnè nou nan gouvènman, n ap selebre prezèvasyon prèske 500 inite lojman abòdab nan Apatman Michelangelo. Anplis de pwolonje akò reglemantè pou kenbe aksesiblite pou 40 lane adisyonèl, Apatman Michelangelo te resevwa yon renovasyon afon pou plizyè milyon dola. San deplase rezidan, modifikasyon nan bildin lan enkli renovasyon kizin ak twalèt nan chak inite, ranplasman sistèm chofaj dlo, reyabilitasyon sal datant, sal ak asansè, menm jan ak sekirite nan tout lokal la ak amelyorasyon nan fasad bildin lan. Lè nou sekirize envestisman finansye konsiderab ak prezève plizyè santèn inite lojman abòdab, nou te asire estabilite lontèm rezidan ki pral kapab rele Apatman Michelangelo kay yo pou deseni k ap vini yo. Mwen aplodi MDG Design + Construction, Otorite Finansman Lojman Eta New York (New York State Housing Finance Authority) ak lòt patnè pwojè pou sipò ak angajma inebranlab pou kominote Melrose lan".

**Michael LeConte, Prezidan BSR Management Corp. te deklare,** "Nou eksite paske nou te kapab ede ofri amelyorasyon nan Apatman Michelangelo kote tout moun fyè de yo. Nou enpasyon pou fiti an pou asire Michelangelo pral kontinye youn nan premye konplèks apatman Mitchell Lama nan tout Vil New York".

**Michael T. Rooney, Jr., ki nan MDG Design + Construction te deklare,** "Nou eksite pou n retounen ann Apatman Michelangelo epi wè transfòmasyon fizik enkwayab lan nan pwopriyete an, menm jan ak selebre kolaborasyon ki te reyalize aksesiblite pwolonje pou rezidan ki rele bildin sa a kay yo. RAD te pèmèt Mitchell-Lama sa a pou li alafwa rete abòdab ak resevwa reparasyon nesesè pou asire yon kay bon kalite pou Nouyòkè ki gen revni ki ba. Nou rekonesan devan patnè nou yo, epi nou fyè pou n fè pati prezèvasyon estòk lojman abòdab ki vital nan Vil New York".

**Darryl Seavey, Visprezidan direktè Akizisyon pou Raymond James Tax Credit Funds, Inc. te deklare,** "Raymond James eksite pou l patisipe kòm yon patnè finansye nan reyabilitasyon Apatman Michelangelo nan Bronx. Pandan plizyè deseni, Apatman Michelangelo yo te sèvi kominote Melrose lan lè yo te ofri lojman bon kalite abòdab pou rezidan ki merite sa. Renovasyon ak amelyorasyon resan yo nan sistèm bildin lan ak apatman endividyèl pral ofri lojman modèn, sekirize ak abòdab pou jenerasyon fiti rezidan nan Melrose. Modènizasyon bildin nan pral amelyore konsiderabman kay 494 fanmi ki rele Apatman Michelangelo kay yo. Raymond James ta renmen felisite patnè nou yo nan kolaborasyon eksitan sa a menm jan ak tout patisipan ki te rann pwojè sa a vin reyelite".

**Timothy Henzy, Direktè ak Pwopriyete Smith & Henzy Advisory Group te deklare,** "Smith & Henzy Advisory Group apresye opòtinite pou yo te travay ansanm ak patnè remakab sou restriktire Apatman Michelangelo yo. Nou felisite BSR Management ak MDG pou yon bon travay yo te reyalize nan delivre bèl pwojè sa a alè ak sou bidjè. N ap rete etenèlman rekonesan devan patnè finansye nou yo, Raymond James, Citi Community Capital ak pi enpòtan toujou HCR Eta New York pou devouman yo nan kesyon prezève lojman abòdab".

**Matt Bissonette, Direktè, Citi Community Capital te deklare,** "Sa fè apèn 2 lane, Citi ansanm ak Fannie Mae ak Ajans Finansman Lojman (Housing Finance Agency) Eta New York te kolabore ak MDG, BSR Management ak Cary Fields pou konkli yon pwogram prè inovan, epi Citi ak patnè nou yo nan Raymond James te investi nan Kredi Taks Lojman pou Revni ki Ba (Low Income Housing Tax Credits) ki ansanm te pote kapital ki nesèsè pou ofri yon reyabilitasyon konplè epi ki te tèlman nesèsè nan Michelangelo. Jodi a se prè ke ak resous finansye apwopriye, patnè finansye apwopriye ak ekip konstriksyon apwopriye, yo ka konsiderabman amelyore kalite lavi pou prèske 1,000 rezidan k ap viv nan Michelangelo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)